



S.U.C.C.E.S

SOCIÉTÉ D'UTILISATION COOPÉRATIVE
DU CRÉDIT ET DE L'ÉPARGNE POUR
L'ÉPANOUISSEMENT SOCIO-ÉCONOMIQUE

40, Angle des Rues Vaivres et Dauphine,
Jacmel-Haïti (W.I)
succescoop01@yahoo.fr
(509) 2940-2553 / 3109-3322

Jakmèl, 01 Desanm 2025

KOMISYON ELEKTORAL KRITÈ POU YON SOSYETE POZE KANDIDATI LI Eleksyon 23e Asanble Jeneral (Mas 2026)

- 1- Fòk sosyètè a manm aktif kès la depi pou pi piti twa (3) mwa.
- 2- Fòk sosyètè a ta dwe genyen konesans nan zafè koperativ.
- 3- Si sosyètè a te gen kredi, fòk li gen yon bon pase kredi ak kès la oubyen nan lòt enstitisyon finansyèl.
- 4- Fòk sosyètè a pa gen lyen parante dirèk ni ak anplwaye kès la.
- 5- Fòk sosyètè a gen yon souvni.
- 6- Fòk sosyètè a disponib epi poul konnen lap bay yon sèvis gratis, epi fòk lap viv nan komin Jakmèl depi pase senk (5) lane.
- 7- Fòk li pa dirijan ni anplwaye nan yon lòt koperativ nan peyi a ni yon lòt enstitisyon finansyèl.
- 8- Fòk li pat dirijan nan yon koperativ oubyen nan yon asosyasyon koperativ ki fè fayit.
- 9- Fòk sosyètè a pa janm patisipe ni kondane pou zak malonèk ak zak kriminèl.
- 10- Fòk pa gen dout sou moralite sosyètè a.
- 11- Si 2 moun marye oubyen ap viv ansanm, youn ladan yo gen yon kredi kip a peye moun sa a pap ka kandida.
- 12- Chak kandida dwe bay yon (1) mandatè yon fwa kandidati li aksepte, e fòk mandatè a de manm Kès la.

Pa bliye : Tout fòm kanpay fòmèlman entèdi, sèlman jou eleksyon an kandida a ap ka fè kanpay lè komisyon an mande l pou prezante l.


JAN POU DOSYE KANDIDATI SOSYETÈ AN PREZANTE

- 1- Sètifika bòn vi e mès
- 2- Cv ak foto idantite ki fèk fèt akonpanye kopi kat dèmalòg la.
- 3- Fotokopi premye paj livrè epay li.
- 4- Lis moun ki konpoze fanmi l tankou : frè, sè, pitit, manman, papa, mari, madanm, tonton, matant, nyès ak neve. Gen yon fòm ki disponib pou sa nan sekretarya direksyon an.
- 5- Fok sosyetè an pwouve li gen yon sous revni (patant, lèt travay...).

N.B : Si youn nan kondisyon sa yo pa respektè, dosye sosyetè a pap konsidere. Sa vle di yap rejte dosye kandidati sosyetè sila a.

Enskripsyon an ap kòmanse jou kap lendi 1^e desanm 2025 pou fini Vandredi 13 fevriye a 2 zè nan aprè midi, nan sekretarya Direksyon kès la. Aprè dat sa a, komisyon an pap resevwa dosye ankò.

Komisyon Elektoral


Silva Gina TOUSSAINT
Prezidan